

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1. Métode Panalungtikan

Sacara étimologi, metode asalna tina dua kecap basa Latin, nya éta meta jeung hodos. *Meta* hartina ngaliwatan, nuturkeun, sanggeus, sedengkeun *hodos* hartina jalan, cara, arah. Jadi, dina harti sacara umum metode nya éta cara-cara, stratégi, nyangking réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngaréngsékeun “rangkéan” sabab-akibat jeung saterusna (Ratna, 2004 :34) dumasar kana hal éta, metode nu digunakeun nya éta metode déskriptif. Hal ieu luyu jeung tujuan panalungtikan, pikeun ngadéskripsikeun ajén sosiologis dina kaulinan tradisional.

3.1.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka pikeun nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya hubunganana jeung bahan panalungtikan, sarta pikeun nguatkeun hasil panalungtikan. Salian ti éta, panalungtikan ieu ogé maké téhnik obsévasi jeung wawancara langsung ka lapangan pikeun meunangkeun data panalungtikan, sarta analisis data.

3.2. Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.2.1. Populasi

Populasi nya éta sajumlahing data atawa sakumpulan data nu baris ditalungtik sarta mangrupa sasaran utama. Ku kituna, populasi nu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta kaulinan tradisional anu aya désa Sukatali kecamatan Situraja.

3.2.2. Sampel

Sampel mangrupa bagéan tina populasi nu baris ditalungtik tur dianggap bisa ngawakilan populasi. Ku kituna, sampel dina ieu panalungtikan ngagunakeun tehnik “disengaja/ ditentukan”, nya éta kaulinan tradisional anu aya di RW I sabab dianggap bisa ngawakilan sakabéh kaulinan nu aya di désa Sukatali.

Léngkah-léngkah Garapan

Rarancang garapan nu baris dilakonan dina ieu panalungtikan dibagi kana opat tahapan, nya éta: tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyusun laporan.

3.3.1 Tatahar

1. Ngajukeun judul panalungtikan
2. Studi pustaka, ku cara macaan buku-buku nu aya hubunganana jeung panalungtikan, diantara macaan buku-buku ngeunaan sosiologi, kabudayaan, folklor, kaulinan budak lembur, permainan tradisional jeung buku ngeunaan métode jeung léngkah-léngkah panalungtikan.
3. Nyusun rarancang (proposal panalungtikan)
4. Konsultasi ka dosén pangaping

3.3.2. Ngumpulkeun Data

Cara ngumpulkeun data nu baris dilakonan, di antarana:

1. Macaan buku-buku panalungtikan ngeunaan kaulinan tradisional pikeun acuan.

2. Obsérvasi ka lapangan, wawancara ka narasumber.
3. Nganalisis istilah-istilah nu aya dina kaulinan tradisional di désa Sukatali, kecamatan Situraja, kabupatén Sumedang.
4. Nangtukeun ajén sosiologis nu baris ditalungtik.
5. Konsultasi jeung dosén pangaping.

3.3.3. Ngolah Data

1. Ngadéskripsikeun kaulinan tradisional di désa Sukatali, kecamatan Situraja, kabupatén Sumedang.
2. Ngadéskripsikeun istilah-istilah nu aya dina kaulinan tradisional
3. Ngadéskripsikeun ajén sosiologis dina kaulinan tradisional
4. Nyusun kacindekan/nyindekeun hasil panalungtikan.

Nyusun Laporan

Nyusun laporan mangrupa tahap anu pamungkas tina rangkéan panalungtikan, dina ieu laporan sagala hasil panalungtikan dipidangkeun. Laporan nu dimaksud di dieu dijieun dina wangun skripsi. Dina nyieun ieu laporan, salawasna diaping ku dosén pangaping.

Sangkan leuwih jéntré, ieu dihandap mangrupa sistematika panulisan skripsi nu baris digarap, nya éta:

JILID

LEMBAR PENGESAHAN

LEMBAR PERNYATAAN

PANGJAJAP

ABSTRAK

DAPTAR EUSI

DAPTAR TABÉL

DAPTAR LAMPIRAN

BAB I BUBUKA, anu eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, jeung wangenan operasional.

BAB II TATAPAKAN TÉORI, eusina ngawengku sosiologi, ajén-inajén, kabudayaan jeung kaulinan tradisional.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN, eusina ngawengku métode jeung téhnik panalungtikan, populasi jeung sampel, sarta léngkah-léngkah garapan.

BAB IV DÉSKRIPSI JEUNG ANALISIS AJÉN SOSIOLOGIS KAULINAN TRADISIONAL DI DÉSA SUKATALI KACAMATAN SITURAJA KABUPATEN SUMEDANG

BAB V PANUTUP, eusina ngawengku kacindekan jeung saran.

DAPTAR PUSTAKA

LAMPIRAN

RIWAYAT HIRUP